

UNIVERSITY OF CALIFORNIA, SAN FRANCISCO

**DEKLARASYON DWA
PATISIPAN NAN EKSPERYANS**

Dwa yo ki anba a se dwa tout moun yo mande patisipe nan yon etid rechèch. Antanke patisipan nan eksperyans, mwen gen dwa annapre la yo:

- 1) Pou yo di m kisa etid la ap eseye dekouvri,
- 2) Pou yo di m kisa ki pral rive m, ak si nenpòt nan pwosedi yo, medikaman oswa aparèy yo diferan ak sa yo ta itilize nan pratik nòmal,
- 3) Pou yo di m risk, efè segondè, oswa malèz ki rive souvan epi/oswa ki gwo, ki genyen nan bagay ki pral rive m pou objektif rechèch la,
- 4) Pou yo di m si mwen ka espere nenpòt avantaj nan patisipasyon, epi si genyen, kisa avantaj la ta kapab ye,
- 5) Pou yo di m lòt chwa mwen genyen, ak kijan yo gendwa pi bon oswa pi mal pase patisipasyon nan etid la,
- 6) Pou yo pèmèt mwen poze nenpòt kesyon konsènan etid la, ni anvan mwen aksepte patisipe, ni pandan etid la ap dewoule,
- 7) Pou yo di m ki kalite tretman medikal ki disponib si vin gen nenpòt konplikasyon,
- 8) Pou refize patisipe nèt, oswa pou chanje lide sou patisipasyon apre etid la kòmanse. Desizyon sa a pa pral afekte dwa pou m resevwa swen mwen ta resevwa si mwen pa te patisipe nan etid la,
- 9) Pou resevwa yon kopi fòm konsantman an ki siyen epi ki gen dat sou li,
- 10) Pou yo pa fè presyon sou mwen lè m ap anvizaje si mwen vle aksepte patisipe nan etid la.

Doktè etid mwen pral di m si Ajans pou Kontwòl Manje ak Medikaman (Food and Drug Administration, FDA) kontwole etid rechèch la. Mwen konprann, si FDA kontwole etid sa a, dapre Lwa Federal sou Manje, Medikaman, ak Pwodui Komestik (Federal Food, Drug, and Cosmetic Act, FD&C Act), FDA ka enspekte ak kopye tout dosye anrapò ak patisipasyon m nan etid la.

Si ou gen lòt kesyon ou dwe poze chèchè a oswa asistan rechèch la kesyon yo. Anplis, ou ka kontakte Komite Revizyon Enstitisyonèl la (Institutional Review Board, IRB), ki okipe pwoteksyon patisipan nan pwojè rechèch yo. Pou kontakte biwo IRB an, ou gendwa: rele (415) 476-1814 soti 8:00 AM rive 5:00 PM, lendi jiska vandredi, oswa ou ka ekri Pwogram Pwoteksyon Rechèch sou Moun nan UCSF (UCSF Human Research Protection Program), Box 1288, 490 Illinois Street, Floor 6, San Francisco, CA 94143, oswa voye yon imel bay irb@ucsf.edu.

Rele (415) 476-1814 oswa voye yon imèl bay irb@ucsf.edu pou jwenn enfòmasyon sou tradiksyon yo.

Siyati Patisipan an pou Konsantman _____

Non Patisipan an _____

Dat _____